

KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU VAKSEN PEDYATIK


Timoun 6 mwa a 5 an

Direktiv Komisyon Sante Piblik Boston

Mizajou: 29/06/2022

POUKISA MWEN TA DWE VAKSINEN PITIT MWEN LÈ LI GEN SIS MWA OSWA PLIS?

- BPHC rekòmande pou tout moun ki gen laj 6 mwa oswa plis pran vaksen kont COVID-19. Vaksen an **pwoteje pitit** ou a kont maladi grav ki soti nan COVID-19.
- Fè timoun ki elijib yo pran vaksen ka ede anpeche yo tonbe malad tout bon menm si yo gen enfeksyon an epi li ede evite konplikasyon grav a kout ak alontèm COVID-19 yo.
- Timoun yo ka pwopaje viris la bay lòt moun menm si yo pa santi yo malad, ki enkli ti bebe ki twò piti pou pran vaksen ak lòt manm fanmi ak zanmi ki gen pi gwo risk pou tonbe malad grav akòz COVID-19.
- Vaksinen pitit ou a ka ede kenbe li nan gadri epi fè li pi an sekirite pou yo jwi aktivite yo renmen yo!



ÈSKE VAKSEN COVID-19 LA PA AN SEKIRITE POU PITIT MWEN AN?

- Wi. Vaksen COVID-19 yo san danje epi yo efikas pou timoun ki gen 6 mwa oswa plis.
- Plizyè milyon timoun ki gen laj 5 an oswa plis te resevwa vaksen an nan tout sekirite. Risk ak konplikasyon grav posib COVID-19 yo plis pase risk potansyèl reyaksyon negatif ki ra nan vaksen an.



ÈSKE TIMOUN YO RESEVWA YON DÒZ VAKSEN COVID-19 KI PI FÈB PASE ADOLESAN AK ADILT YO?

Wi. Dozaj vaksen COVID-19 la baze sou laj nan jou vaksinasyon an, pa sou wotè oswa pwa yon timoun. Se vre tou pou lòt vaksen yo rekòmande regilyèman yo, tankou vaksen kont epatit A ak vaksen kont epatit B.

ÈSKE TIMOUN YO KA RESEVWA Lòt VAKSEN NAN TOUT SEKIRITE MENM JOU YO RESEVWA VAKSEN COVID-19 YO A?

- Wi. Vaksinasyon woutin se yon sèvis swen prevantif enpòtan ki pa ta dwe retade.
- Si plizyè vaksen bay nan yon sèl vizit, chak enjeksyon pral fèt nan yon kote diferan, dapre rekòmandasyon ki baze sou laj.




KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU VAKSEN PEDIYATIK Timoun 6 mwa a 5 an

Direktiv Komisyon Sante Piblik Boston

ÈSKE MWEN TA DWE TOUJOU VAKSINEN PITIT MWEN AN SI LI TE DEJA GEN COVID-19?

- Wi. Evidans montre ke moun jwenn plis pwoteksyon nan pran vaksen an apre yo te fin enfekte ak viris la ki lakòz COVID-19. Iminite sa a enpòtan pou pwoteje pitit ou a kont COVID-19 alavni.
- Pou timoun ki te enfekte ak COVID-19, pwochen dòz yo ka retade 3 mwa depi lè sentòm yo te kòmanse oswa, si yo pa t gen sentòm, 3 mwa depi lè yo te resevwa yon rezilta tèz pozitif.



ORÈ VAKSINASYON

Timoun anba laj 5 an yo ta dwe pran menm vaksen an pou dezyèm (ak twazyèm) dòz yo nan seri primè yo jan yo te fè pou premye dòz yo a. Yo pral konsidere yo vaksinen konplètman de semèn apre swa twazyèm dòz Pfizer yo a swa dezyèm dòz Moderna yo a.

PFIZER

- Laj: 6 mwa a 4 an
- Dòz: Twa
- Orè: Dezyèm dòz la pran omwen 21 jou (3 semèn) apre premye a, epi twazyèm dòz la pran omwen 56 jou (8 semèn) jou apre dezyèm nan.

MODERNA

- Laj: 6 mwa a 5 an
- Dòz: De
- Orè: Dezyèm dòz la delivre omwen 28 jou (4 semèn) apre premye a.



Si w toujou gen **kesyon** konsènan benefis konpare ak risk nan vaksinen pitit ou a, BPHC ankouraje w diskite sa ak pedyat pitit ou a oswa lòt founisè medikal ou fè konfyans.

Referans:

<https://www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19-vaccines.page#child>
<https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/planning/children/6-things-to-know.html>